

Atestasyon Pou Aplikasyon Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis de COVID

Tanpri Li, Konplete and Siyen

Non Biznis: _____

Adrès Biznis: _____

EIN#/SSN#/ITIN# Biznis: _____

Depatman Sèvis Ti Biznis ("SBS") pou Vil New York ("Vil") ap bay yon sibvansyon de \$10,000 nan Plan pou Rekiperasyon Ameriken Federal ("ARPA" 31 CFR Part 35) finansman pou ti biznis ki elijib selon règleman ki nan 66 RCNY Seksyon 17, et. al. (Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis nan vil New York de COVID" oubyen "Pwogram").

Pou kapab patisipe nan Pwogram sa e resevwa sibvansyon, Vil la mande pou pou aplikasyon sibvansyon (ki defini pa anba) pou biznis lan ("Aplikasyon") Biznis lan ("Destinatè") ateste a bagay sa yo:

- Sa ki siyen pa anba oubyen reprezantan ki otorize pou reprezante ti biznis ke non'l pa anlè ki ap aplike pou Pwogram sibvansyon ("Biznis");
- Biznis lan an operasyon de lè dat Aplikasyon Biznis lan pou Pwogram Sibvansyon soumèt;
- Biznis lan oubyen (1) opere an tan ke yon ti biznis ki gen o mwens 50% de revni li genere de aktivite de Kòd Sistèm Klasifikasyon Endistri Ameriken nan Nò (NAICS) ki kòmanse ak 71 (Atizana, Amizman, ak Rekreyasyon) oubyen 72 (Akomodasyon ak Sèvis Manje), oubyen (2) ki lokalize nan kote ki gen sansis ki gen revni ki ba e modere (ki defini an tan ke yo trak sansis, ki defini pa Depatman kay ak Devlopman Iben ("HUD"), kote pifò revni fanmi yo mwens ke 80% de Revni Mwayèn Fanmi nan zòn Metro ((kòm detèmine pa HUD)), oubyen (3) tou lè de
- Biznis lan eksperyanse ton revni oubyen resi bri yo diminye a o mwens 25% apre enpak COVID-19, ki detèmine si ou konpare trimès an 2019 ak 2020 oubyen kalandrye pou 12 mwa nan ane 2019 ak 12 mwa nan kalandrye ane 2020;
- Biznis lan pat resevwa okenn sibvansyon de okenn nen pwogram sa yo:
(1) Administrasyon Ti Biznis Ameriken ("SBA") Pwogram Sibvansyon pou Operatè Lokal ki Fèmen oubyen (2) Finansman pou Revitalizasyon Restoran SBA
- Lè ou finn resevwa finansman, Biznis lan ap sèvi ak lajan pou bagay ki otorize selon Pwogram lan ak ARPA (31 CFR Pati 35).

Dorenavan tout lòt dwa ke Vil la genyen anba Seksyon pou Akò sa, Aplikasyon an oubyen lwa ki aplike, Si Destinatè a vyole okenn nan tèm yo, alyans oubyen pwovizyon nan Akò sa, oubyen si okenn reprezantan, garanti oubyen deklarasyon ke Destinatè a fè nan Akò sa oubyen Aplikasyon an oubyen okenn dokiman ki soumèt an konneksyon ak Akò a oubyen Pwogram lan ki montre ke li pa vre oubyen gen foste, oubyen si, nan jijman vil la, kondwit Destinatè montre

ke enterè Vil la te oubyen kapab vinn gen pwoblèm oubyen gen prejije oubyen ke finansman Pwogram lan pat sèvi pou bagay ki otorize oubyen nou detèmine ke Destinatè a pat elijib pou resevwa sibvansyon anba Pwogram lan, Vil la ak afilye li yo ap gen dwa pou yo:

Mete fen a sibvansyon an oubyen kenbe peman ki te dwe peye anba Pwogram lan e/oubyen mande e resevwa peman ki te deja bay ki egal a domaj ki Vil la deja soufri a kòz de vyolasyon ke Destinatè a fè. Okenn nan aksyon sa yo de Vil la paka vinn gen okenn aksyon pou domaj ki pran kont Vil la.

Dorenavan okenn bagay ki kontrè de sa, Aplikan dakò e konprann ke peman de okenn finansman sibvansyon selon Atestasyon Aplikasyon Sibvansyon an pa efektif o mwens e jiskaske yo notifie'w ke aplikasyon an apwove e komsadwa, mwen, sou non pa'm ak Biznis lan, mwen dakò pou mwen retire tout dwa mwen genyen pou mwen gen yo reklamasyon kont Vil la, anplwaye li yo, ofizyèl li yo, reprezantan li yo, ajan li yo ak kontraktè li yo (kolektivman "Reprezantan Vil lan" de tout reklamasyon ak responsabilite ki gen rapò ak apwouval sa.

Reprezantasyon pou Aplikan:

Biznis lan dakò e/oubyen sètifye, otan ke li aplikab pou chak kondisyon pa anba tankou Patisipasyon Biznis lan nan Pwogram lan ak resi, si aplikab, de finansman sibvansyon anba Pwogram lan:

- (1) Mwen, (non mèt Biznis lan) _____ dorenavan sètifye a Vil lan nan dat Atestasyon an ke: (i) Mwen se mèt biznis lan e mwen se yon reprezantan ki otorize nan Biznis lan; (ii) Biznis lan an operasyon depi dat soumasyon Aplikasyon an e kontinye an operasyon jiska dat Atestasyon sa; (iii) Biznis lan anplwaye _____ anplwaye; e (iv) Biznis lan oubyen (1) opere an tan ke yon ti biznis ki gen o mwens 50% de revni li genere de aktivite de Kòd Sistèm Klasifikasyon Endistri Ameriken nan Nò (NAICS)ki kòmanse ak 71 (Atizana, Amizman, ak Rekreyasyon) oubyen 72 (Akomodasyon ak Sèvis Manje), oubyen (2) ki lokalize nan kote ki gen sansis ki gen revni ki ba e modere (ki defini an tan ke yo trak sansis, ki defini pa Depatman kay ak Devlopman Iben ("HUD"), kote pifò revni fanmi yo mwens ke 80% de Revni Mwayèn Fanmi nan zòn Metro ((kòm detèmine pa HUD)), oubyen (3) tou lè de
- (2) Mwen sètifye ke Biznis lan satisfè tout obligasyon elijibilite pou resevwa sibvansyon Pwogram lan, ki enkli san limitasyon, li ranpli definisyon de "Ti Biznis." "Ti Biznis" vle di yon biznis oubyen yon òganizasyon ki: (i) gen mwens de 500 anplwaye, oubyen si li aplikab, gwosè standa de nonb de anplwaye ki etabli pa Administratè Federal pou Administrasyon Ti Biznis pou endistri ki konsèn'w oubyen ke òganizasyon an opere, e (ii) se yon ti biznis ki konsène kòm defini nan seksyon 3 de Lwa Ti Bisnis (15 U.S.C. 632).
- (3) Mwen sètifye ke a kòz de COVID-19, Biznis lan eksperyanse ton revni oubyen resi bri yo diminye a o mwens 25%oubyen ki konpare pa: (a)trimès an 2019 ak 2020 oubyen (b) kalandrye pou 12 mwa nan ane 2019 ak 12 mwa nan kalandrye ane 2020;
- (4) Mwen sètifye ke biznis lan pat resevwa sibvansyon de (a) SBAPwogram Sibvansyon pou Operatè Lokal ki Fèmen oubyen (b) Finansman pou Revitalizasyon Restoran SBA

- (5) Mwen konprann ke Biznis lan de an akò ak Lwa Federal, Leta e Lokal, Règleman ak lòt obligasyon legal, ki enkli san limitasyon lwa ak règleman ke aplikab a Pwogram lan. Akò sa dwe ekzekite nan Vil ak Leta New York e l'ap gouvèn pa, e konstwi an akò ak Lwa de Eta New York ak Lwa Etazini.
- (6) Mwen sètifye ke Biznis lan ajou oubyen nan peman ak tout taks Federal, Leta oubyen Vil lan, ki enkli peman ki delenkan, anvan 31 Desanm, 2019.
- (7) Mwen dakò ke Biznis lan ap sèvi al finansman Sibvansyon Pwogram lan nan bagay ki apwouve pou objektif pwogram lan ak ARPA (31 CFR Pati 35) e l'ap rete nan liv ak rapò ki an relasyon ak sèvis pu finansman sibvansyonb Pwogram labn pou yon peryd de o mwens twa (3) ane de dat de aplikasyon an e pou bay rapò sa yo selon rekèt pou Vil la. De plis mwen dakò ke okenn pòsyon nan finansman sibvansyon Pwogram lan ak sèvi pou okenn lòt bagay eksepte pou ede nan pwoblèm finansyè ki rive a kòd de pandemi COVID-19 pou li kapab konplete depans pou Biznis lan.
- (8) Mwen konprann, rekonèt e dakò ke Pwogram lan ak Biznis kapab vinn gen odit oubyen investigasyon de Vil la, Eta New York ak ajans federal ki gen jirisdiksyon ki gen koneksyon ak Aplikasyon an e ke Atestasyonb Aplikasyon Sibvansyon sa, oubyen dokiman ki soumèt an koneksyon ak Pwogram lan e sèvis de finansman Pwogram Sibvansyon an. Mwen rekonèt e dakò ke Biznis lan ap koopere e bay enfòmasyon sa yo toutotan ke Vil la, Eta New York oubyen ajans federal mande pou yo, oubyen yo antite an akò ak tèm Pwogram lan ak Atestasyon li yo, sa enkli, san limitasyon, pou li kapab asire konfòmite a Pwogramlan pou kapab resevwa sibvansyon an. De plis mwen rekonèt ke demand sa yo kapab enkli, san limitasyon, de dokiman oubyen lòt enfòmasyon ke gen rapò ak aktivite Biznis lan e/oubyen enfòmasyon sou finans mwen.
- (9) Mwen sètifye ke Biznis lan pa youn oubyen plis de Biznis ki detèmine ki pa elijib pou resevwa sibvansyon anba Pwogram sa: (i) yon òganizasyon non-pwofi; (ii) a legliz oubyen lòt entitasyon relijye; (iii) yon biznis oubyen antrepriz ki angaje nan aktivite ki ilegal anba lwa federal, Leta, oubyen lokal; oubyen (iv) yon biznis gouvènman (lòt ke yon biznis ki pou/opere pa yon Tribi Ameriken Natif) oubyen yon moun ki nan gouvènman.
- (10) Okenn mèt de plis de 10% de ekite oubyen pwopriyete nan Biznis lan: (a) nan dènye twa (3) ane yo te gen yon konviksyon de oubyen te gen yon jijman sivil ki te bay kont li, oubyen kòmanse okenn fòm de pwobasyon (ki enkli pwobasyon anvan jijman) pou (i) Fwòd oubyen yon ofans kriminel an koneksyon a resevwa, oubyen eseye resevwa, oubyen pèfòmè yon tranzaksyon piblik (federal, Leta, oubyen Lokal) oubyen kontra anba kon tranzaksyon piblik, (ii) vyolasyon de lwa federal oubyen leta oubyen akizisyon, oubyen (iii) komizyon pou detounman lajan, volè, falsifikasyon, koripsyon, falsifikasyon oubyen destriksyon rapò, bay yon fo deklarasyon, oubyen resevwa bagay ki te volè; oubyen (b) se aktyèlman akise pou oubyen chaje de yon bagay kriminel oubyen sivil pa yo moun nan gouvènman, (federal, Leta, oubyen lokal) sk komisyon de okenn ofans ke nou mete nan souparagraf (a) pa anlè a.
- (11) Mwen sètifye ke ni Biznis lan, oubyen okenn nan pwopriyete li yo, te nan okenn moman deklare ke yo te inelijib pou resevwa yon kontra federal, soukontra federal, oubyen asistans finansyè federal oubyen asistans ou benefis federal ki pa finansyè.

(12) Mwen sètifye ke mwen otorize pou mwen konplete e soumèt Aplikasyon sa ak Atestasyon sa pou Biznis lan. Mwen verifye ke deklarasyon sa vrè e korèk e ke mwen pa bay yo move reprezantasyon de elijibilite de Biznis lan nan Pwogram lan.

(13) Mwen rekonèt ke Vil lan ak reprezantan li ap detèmine elijibilite Biznis lan pou Pwogram lan e montan Sibvansyon Pwogram lan ki baze, an pati, de taks ak lòt dokiman ak enfòmasyon ke mwen bay de Biznis lan, e ki Vil lan ak reprezantan li ap konte sou detèminasyon sa ak taks ak lòt dokiman pou li fè okenn finansman pou Pwogram Sibvansyon an a Biznis lan. De plis mwen konfime ke enfòmasyon retou taks ke mwen bay an koneksyon a Pwogram lan idantik ak enfòmasyon retou taks ki soumèt a Sèvis Revni Entèn (IRS). Mwen konprann, rekonèt, e dakò ke Vil la ak reprezantan otorize li yo kapab pataje enfòmasyon taks ak lòt enfòmasyon ak reprezantan lokal, leta e federal, sa enkli san limitasyon pou asire konfòmite ak règleman e lwa federal, leta, e lokal.

(14) Mwen konprann ke soumasyon ki fo oubyen ke gen fwod ki gen yon deklarasyon ki fo an koneksyon a Atestasyon an, Aplikasyon an oubyen Pwogram lan kapab vinn fè ke Biznis lan oubyen lòt Bisnis ki pwopriyetè Prensipal lan ak lòt reprezantan li yo vinn inelijib pou pwogram lan e kapab vinn fè ke Biznis lan oubyen moun ki fè fo deklarasyon an pou li vinn gen chaj kriminel oubyen sanksyon administratif.

(15) Akseptasyon de Destinèt a ak reprezantan pou peman final de finansman sibvansyon anba Pwogram lan, ke se pa chèk, transfè bank, oubyen lòt fason, e ke se yon bil, souch, jijman ke okenn tribinal ki gen jiridiksyon fè oubyen okenn lòt fason administratif, ak konstitiye e opere antan ke yon liberasyon pou Vil laanplwaye li yo, ofisyèl, reprezantan, ajan, ak kontraktè (Kolektivman "Reprezantan Vil lan") de tout reklamasyon ak responsabilite a Destinèt, e Destinèt a rekonèt oubyen te dwe rekonèt, ke sa ki soti nan patisipasyon li nan Pwogram sa a ki baze sou aksyon Vil la oubyen Reprezantan Vil la anvan yo aksepte peman final la, eksepte nenpòt diskisyon ki te fèt espesyalman ak avi adekwat bay a Vil la.

(16) Mwen konprann ki enfòmasyon ki nan Atestasyon sa ak okenn enfòmasyon ki pa gen pwopriyete, oubyen ki pa konfidansyèl sou biznis lan ki gen rapò ak Pwogram lan kapab vinn piblik selon lwa divilgasyon New York ak Vil New York oubyen rekèt de lòt ajans gouvènman ak kontraktè yo oubyen sèvis pou founisè ak patnè an koneksyon ak sèvis ki Vil la bay. An konsekans, nan non mwen menm ak Biznis la, mwen renonse dwa pou nenpòt reklamasyon kont Vil la, enkli reklamasyon pou frè oubyen kontwòl dokimantasyon yo soumèt an koneksyon ak Atestasyon sa a kounye a oubyen nan lavni, ki gen rapò ak divilgasyon an oubyen divilgasyon nenpòt enfòmasyon ki pa pwòp oubyen ki pa konfidansyèl mwen te soumèt. Mwen dakò ke anvan mwen aksepte nenpòt finansman Pwogram nan mwen pral idantifye nenpòt enfòmasyon ke mwen santi se pwòp oubyen konfidansyèl. Mwen konprann ke tout detèminasyon konsènan nati propriètaires oubyen konfidansyalite nenpòt enfòmasyon sa yo dwe fèt pa Vil la nan sèl diskresyon li epi ann akò ak lwa, règ ak règleman Eta New York oubyen Vil Nouyòk, ki gen ladan san limitasyon Lwa sou Ofisye Piblik Eta New York yo.

Lè mwen Siyen pa anba, mwen ateste ke deklarasyon pa anlè yo vrè e korèk nan meyè de konesans mwen.

(Siyati Mèt Biznis lan)

(Dat)

(Non Mèt Biznis)

(Tit Mèt Biznis)